Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 21 (98926) 4 июнь 2021 с. / Шавваль 24 25 Рамазан 1442 с./ багъа - эркенаб redakciya-chapar@mail.ru

## *ПОЗДРАВЛЕНИЕ*




***День социального работника-это профессиональный праздник работников социальной сферы. Отмечается он 8 июня. В 1701 году 8 июня Петр 1 издал Указ «Об определении в домовыя Святейшего Патриарха богодельни нищих, больных и престарелых» (о создании при церквях богоделен для нищих, больных и престарелых) День социального работника учрежден указом Президента (№1796 от 27.10.2000 г.) Российской Федерации.***

***Сегодня профессиональный праздник у обладателей благороднейщей профессии-социальных работников. Их призвание-оказывать помощь, поддержку и содействие нуждающимся в этом людям.***

**Уважаемые соцработники района!**

***Сердечно поздравляем вас с профессиональным праздником. Будьте здоровы, оптимистично настроены, активны и доброжелательны. Желаем вам и вашим близким здоровья, добра, любви и всех благ.***

**Глава МР «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ**
**Председатель Собрания депутатов Г.М.ГИРИСХАНОВ**

## *Районалъул администрациялда...*




**«Чапар»** газеталъул цересел номеразда нижеца хъван букIана, республикаялъул даражаялда, футбол хIаялъул рахъалъ нилъер районалъул **«Казбек»** командалъ кIиабилеб ва волейбол хIаялда гIолилал ясазул кIиго командабаз (2006 -2007 ва 2008 -2009 соназ гьарурал) тIоцересел бакIал росиялъул хIакъалъулъ.

1 июналда райадминистрациялда тIобитIана рехсарал командаби кIодо гьариялъул рохалилаб тадбир. Гьеб тадбиралда кIалъазе вахъарав районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевас гIолилазда ва гьезул тренеразда баркана росарал бергьенлъаби ва абуна: «***Гьай-гьай, нижеца кидаго хал ккола нилъер спортсменал батIи-батIияв къецазда гIахьаллъиялда ва кколел хIасилазда хадуб.***

***Жакъа дие, дирго рахъалдасан, бокьун буго нужеегун тренеразе баркала загьир гьабизе, гьединго, сайгъаталги кьезе. Нуж мисаллъун рукIине руго гIолеб гIелалъе. РукIаги нуж кидаго тIоцереселлъун***»,- ан.

Гьениб футболистазул командаялъе 50 азарго гъурщилаб сертификат, волейбол хIаялъул командабазда гьоркьор рукIарал ясазе медалал, грамотаби ва гIарцулал шапакъатал кьуна. Гьездаго цадахъ кIодо гьаруна ясазул командабазул тренерал: Сайгид Гилакаев ва Наида Алясаева.

Грамотабаздалъун кIодо гьаруна М.- ш. Пазаевасул МДЮСШялъул директор МухIамад Пазаев ва гьесул заместитель Насрула Алиукъаев.

Футболалъул **«Казбек»** клубалъул президент К. Идрисовас, командаялъул




капитан А. Иманшапиевас ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна районалъул нухмалъиялъе ишалъулаб кумек гьабиялъухъ ва ХI. Мусаевасе гьез жидерго клубалъул логотип тIад бахъараб спортивияб форма сайгъат гьабуна.

***НИЖЕР МУХБИР***

## *Комиссиялъул данделъи тIобитIана*



Гьаб соналъул 27 маялда райадминистрациялда, **«Казбек район»** муниципалияб гIуцIиялъул бетIер ХI. ХI. Мусаевасул заместитель И. И. Шабазовасул нухмалъиялда, тIобитIана балугъалъиялде рахинчIел гIолилазда гьоркьоб ва гьезул ихтиярал цIуниялъул комиссиялъул данделъи.

БатIи-батIияв профилактикаялъул учеталда ругел, гIумруялъул захIматаб ахIвал-хIалалде ккарал, законалде кколарел яргъидгIуцIаразул хъизабаздасан 14-18 соназул гIумруялда ругел гIолилазе тIаса хIалтIул махщел бищиялъул бицун гьений кIалъана гIадамал хIалтIудалъун хьезариялъул Централъул хIалтIухъан Сапият Насирдинова.

Данделъиялда гьединго гьоркьоб босун букIана тIадехун рехсарал гIолил сахлъи щула гьабиялъул лагеразде гьоркьоре рачиналъул суалги. Гьелда тIасан кIалъай гьабуна ИМЦялъул методист Н. МухIамадхIабибовалъ.

***Пресслужба***

# ХIурматиял районцоял!

Унеб буго 2021 соналъул кIиабилееб бащдаб лъагIалие **«Чапар»** газета хъваялъул кампания.

Нужеца нижехъе рачIунел кагътал цIалулаго, нужер ишал нухде унел гьечIони, нижер ракIазулъе пашманлъи, рахIатхвей рещтIуна, гьез нужее лъикIал хIасилал кьолел ругони, ниж рохула.

Нужер лъикIал макъалаби, кучIдул ва цогидал материалал, нижеца цIунула архивалда гурелги, ракIазулъги, тIад - тIад руссунцин, цIалула гьенир рехсарал баянал ва хIужаби. ХIаракат бахъула нужер бадичIваял ва гьарияль хIисабалде росизе. Нуж гьечIони, нижер хIалтIи цебехунги унаро.

Кида газеталъул гьурмазде ралагьаниги, нужеда гьенир ратизе руго ракIал тIаде цIалел макъалабиги хIажатаб информацияги.

Гьединго, нужеда гьенир ратила лъималазе, гIолилазе ва ригь аразе малъа-хъвавал, абиял, тарихиял баянал ва абундачал.

**«Чапар»** хъвани, нуж лъугьина нижер гьитIинаб коллективалъул божарал гьудулзабилъун. Гьеб хъвазе бегьула почтаялъул росабалъ ругел отделениябазда.

***Багъа 308 гъурущ.***

**РЕДКОЛЛЕГИЯ**

## Делегаталлъун рихьизаруна

1 июналда районалъул администрациялда тӀобитӀана **«Цогояб Россия»** партиялъул бакӀалда бугеб отделениялъул XXXIII- абилеб конференция. Отделениялъул политсоветалъул секретарь ХӀ. ХӀ. Мусаевасул нухмалъиялда тӀобитӀараб гьеб тадбиралда рищана 5 июналда МахӀачхъалаялда тӀобитӀизе бугеб конференциялде делегатал.



Гьел ккола - ХӀ. ХӀ. Мусаев (районалъул бетӀер), М.- п. (К.-п.) Д. ГӀумаханов (РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат) ва Раисат ХӀайбулаева (МФЦялъе нухмалъулей).

Гьединго, гьеб конференциялда, 24 маялдаса 30 маялде гӀунтӀун, цебеккунго тӀобитӀараб гьаракь кьеялъул хӀасилал гьаруна. Гьел къояз гьаракь кьеялъул мурадлъун букӀана 2021 соналъул 19 сентябралда тӀоритӀизе ругел рищиязде Пачалихъияб Думаялдегун Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялде кандидатал рихьизари.

ХӀ. Мусаевас партиялда ругезегун районцоязе, цебеккунго гьаракь кьеялъулъ жигараб гӀахьаллъи гьабуралъухъ, баркала загьир гьабуна. Гьениб къотӀи ккана гӀагараб заманалда рищиязде хӀадурлъиялъе политсоветалъул данделъи тӀобитӀизе.

*Пресслужба*

*1 июнь-Халкъалдагьоркьосеб лъимал цӀуниялъул къо*

## Лъимал - улкаялъул букӀинесеб

1 июналда Халкъалда гьоркьосеб лъимал цӀуниялъул къо кӀодо гьабизе, Дилим росдал культураялъул рукъалда цере, кӀудияб гьираялда ракӀарун рукӀана районалъул лъималазул ахаздасагун школаздаса лъимал. Кьер-кьерал шариказ къачӀан букӀана сцена. Балагьаразул ракӀал роххизарулел рукӀана берцинго къачӀараб сценаялъ гуребги, гьелдасаги берцинго къачӀарал гьитӀичазги.

Тадбиралда гӀахьаллъана **«Казбек район»** муниципалияб гӀуцӀиялъул бетӀер ХӀ.ХӀ. Мусаев, гьесул заместитель И.И.Шабазов, районалъул прокурор М.М. Халилов, учреждениябазегун организациябазе нухмалъулел ва цогидалги.



Баркиялъул рагӀабигун тӀоцеве кӀалъазе вахъана ХӀ.Мусаев, гьес абуна: «***Лъимал ккола жамагӀаталъулги, пачалихъалъулги, хъизаналъулги аслияб бечелъи. Жакъа нилъеца ракӀалде щвезабулеб буго лъималазул ихтияр цӀуниялъе, гьезул гӀумру лъикӀлъизабиялъе жавабиялъун чӀахӀиял рукӀине ккола. Нилъер районалъ кидаго кӀвар кьола лъимал ВатӀан бокьулеллъун куцаялде, гьезда халкъиял гӀадатал малъиялде, гьел адаб, яхӀ-намус бугеллъун рахъинариялде. Нилъеца кинабго гьабизе ккола лъимал талихӀаллъун рукӀиналъе, гьезул гьурмаздаса рохалил гьими лъугӀичӀого букӀиналъе***»,-ян.

Гьесда хадув кӀалъазе вахъарав М.М.Халиловас данделъиялъул гӀахьалчагӀазул пикру буссинабуна ахираб заманалда лъималазда хадуб букӀине ккола бербалагьи ва цӀуни гьечӀолъиялъул хӀасилалда республикаялда лъимал тӀагӀиналъул хӀужжаби цӀикӀкӀиналде. «***Цере умумуз лъималазе тарбия кьолеб къагӀида кьварараб ва битӀараб букӀана, гьанжесеб гӀелалъул гьеб цудагьаб чучаб буго. ГӀемерисел умумуз лъимал телефонал кодоре кьун руссинарулел руго. Гьездасан лъималазда бегьулебги бегьуларебги лъала, гьезул психика ва беразул канлъи хола. Узухъда, интернеталъул пайда кӀудияб буго,амма кӀочене бегьуларо, гьелъул заралги гьитӀинаб гьечӀолъи. Нилъе5р киназулго мурад буго нилъер наслаби сахал ва талихӀаллъун гӀей***»,-ан абуна гьес жиндирго кӀалъаялда.

Гьединго, баркигун лъималазда цере рахъана ИчкӀа росдал лъималазул ахалъул заведующая А.Ш. Юсупова ва районалъул искусствоялъул школалъул мугӀалим Н. ЛахӀитов.

Данделъаразул ракӀазе лъикӀаб асар гьабуна Дилим росдал №2 гимназиялъул цӀалдохъан ГӀ.Качалаевасул, районалъул искусствоялъул школалъул кьурдухъабазул, районалъул росабазул лъималазул ахазул гьитӀичазул церерахъиназ.

Тадбиралъул ахиралда, баркиялъул рагӀабазда хадуб ЦТКНРалъе нухмалъулей З.ГӀ. МухӀамадовалъ лъималазул ахазул тарбиячагӀазе ва музыкалиял нухмалъулезе грамотаби кьуна.

Районалъул реабилитационнияб Централъул лъималазе ва тадбирада церерахъинал рихьизаруразе, гьединго, асфальталда суратал рахъун бергьарал лъималазе администрациялъул ва **«Цогояб Россия»** партиялъул бакӀалда бугеб отделалъул рахъалдасан сайигъатал кьуна.

Данделъи махщалида бачана ЦТКНРалъул специалист Рисалат Сурхаевалъ.

*А. ДИБИРОВА*

*Ниж - терроризмалде данде!*

## Пайдалияб дандчӀвай

31маялда Гертма росулъе гьоболлъухъ щвана М. М. Халилов (районалъул прокурор), ГӀ. ХӀ. Халидов (ОМВДялъул начальник), Б. ГӀ. Мусичов (МДЮСШялъул тренер), С. М. Сахрудинов (ОМВДялъул ветераназул Советалъул председатель), И. А. ГӀисаев (балугълъиялде рахинчӀел гӀолилазда гьоркьоб хӀалтӀи гьабиялъул инспектор) ва ХӀ. А. Зубайриев (ОМВДялъул юрисконсультант).



Гьалбал рачӀиналъул мурадлъун букӀана Цогояб информационнияб централъул жигарчилъиялда ва Гертма росдал бетӀер (З. С.Чалухов), школаялъул директор (З. М. ГӀабдулмуслимова), росдал имам МахӀмуд Алхасовгун цадахъ гӀуцӀараб профилактическияб гара - чӀвари гьаби.

**«Хвел тӀаса бищуге!»** цӀар бугеб гьеб тадбиралда гӀахьал гьаруна росдал гӀолилал, школалъул цӀалдохъабигун мугӀалимзаби.

ДандчӀваялда кӀалъарал М. Халиловас, И. ГӀисаевас, З. Чалуховас, ХӀ. Зубайриевас, Б. Мусичовас, М. Алхасовас, С. Сахрудиновас бицана терроризмалде, экстремизмалде, наркотикал хӀалтӀизариялде дандечӀеялъе гьабулеб хӀалтӀул ва цере чӀарал масъалабазул.

Гьенибго цӀалдохъабазе гьабуна сурат бахъиялъул. ***«Дица тӀаса бищула гӀумру!»*** абураб конкурс ва гьелъул жигарал гӀахьалчагӀазе кьуна грамотаби ва къиматал сайгъатал.

*Пресслужба*

*31 май - тамахьо бухӀиялдаса инкар гьабиялъул ТӀолгодунялалъул къо*

## Чорхое цӀикӀкӀараб зарал кьолезул цояб

Лъида лъалареб тамахьо бухӀиялъ чорхое кьолеб зарал?! Лъаларин абизеги бегьилаан, телевидениялдасан кьолеб щибаб программаялда **«Тамахьо бухӀиялъ нужер сахлъиялъе зарал кьола»**,-ян цо чанго нухалъ хъвалеб букӀинчӀебани, цӀикӀкӀараб къадар гӀадамазул бакӀарулеб бакӀазда гьеб бухӀизе гьукъун гьечӀебани, бакӀ-бакӀазда гьелда данде чӀарал плакатал, игӀланал ва цогидалги бичӀчӀен кьеялъул алатал чӀезарун гьечӀелани. Амма кигӀан тамахьо бухӀиялде данде рагъ гьабуниги, гьеб бухӀулезул къадар дагьлъулеб гьечӀо. Гьелде ругьунлъиялъе гӀемерал гӀиллаби рачине бегьула ва гьезул сияхӀ халатаб буго.

ТӀадехун рехсараб хӀисабалдеги босун, гӀолеб гӀел тамахьо бухӀиялде биччангутӀи мурадалда, 28 маялда районалъул централияб библиотекаялъул хӀалтӀухъабаз гӀуцӀараб данделъиялда гӀахьаллъана-муфтияталъул лъайкьеялъул отделалъул хӀалтӀухъан М. - хӀ. Батилмирзаев, Дилим росдал участковыяв уполномоченный М. ХӀажиев, тарбия кьеялъул рахъалъ лицеялъул директорасул заместитель Н. МухӀамадова ва цӀалдохъаби.



Тадбир байбихьана **«Тамахьо бухӀи кӀудиял гӀеялъул гӀаламат?»** абураб видеоролик бихьизабиялдалъун.

КӀалъазе вахъарав централияб библиотекаялъул директорасул заместитель М.- хӀ. МухӀамадхӀабибовас гьениб абуна: «**ТӀолгодунялалъул сахлъицӀуниялъул гӀуцӀиялъул баяназда рекъон, щибаб соналъ, тамахьо бухӀиялъул хӀасилалда, гӀумруялдаса ватӀалъулев вуго 5 млн. чи, Россиялда гьезул къадар цӀикӀкӀунеб буго 220 азарго чиясдаса. Гьоркьохъеб хӀисабалда, инсанасул гӀумру гьелъ къокъ гьабулеб буго 19 -23 соналъ,Тамахьоялда гьоркьоб бугеб никотин кколеб буго аслияб ва гӀадамал хвезарулеб загьрулъун. Гьединго, гьелъ зарал кьола тамахьо бухӀулесда сверухъ ругезеги.**

**Гьал ахирияб соназ раккун руго батӀи-батӀиял рухӀулел жура-гъураял ва гьекъолел лъамалъаби. Гьез кьолеб зарал тамахьо бухӀиялдаса цӀикӀкӀараб букӀуна**»,-ян.

Гьесда хадур кӀалъарал - М.-хӀ. Батилмирзаевас, МухӀамад ХӀажиевас ва цогидазги цӀалдохъабазе бицана рухӀулел жура - гъураяз, гьекъолел батӀи-батӀиял лъамалъабаз жеги гӀолеб чорхое кьолеб заралалъул, гьез такъсиразде цӀазе, хеккого сахлъи хвезабизе ва цогидалги лъикӀал гурел ишазде гьет1изаризе бегьулеблъиялъул.

ЦӀалдохъабаз гьенир тамахьоялъул хӀакъалъулъ цӀар рагӀарал гӀадамаз абурал рагӀаби цӀалана.

Данделъиялъул ахиралда тарбия кьеялъул рахъалъ лицеялъул директорасул заместитель Н. МухӀамадовалъ гьениб бицана цӀалдохъабаз тамахьо бухӀунгутӀиялъе, квешал пишабазде гьел цӀангутӀиялъе жидер коллективалъ гьабулеб бугеб хӀалтӀул.

*З. АДИЛМИРЗАЕВА, Дилим росу*

# ПОСТАНОВЛЕНИЕ

**01.06. 2021г.** **№45**

**с. Дылым**

***Об установлении особого противопожарного режима в лесах Казбековского района***

В соответствии с Федеральным законом от 21 декабря 1994 г. № 68-ФЗ **"О защите населения и территорий от чрезвычайных ситуаций природного и техногенного характера",** статьи 30 Федерального закона от 21 декабря 1994 г. № 69-ФЗ **"О пожарной безопасности"**, постановления Правительства Республики Дагестан от 28 мая 2021 г. № 116 **"Об установлении особого противопожарного режима в лесах Республики Дагестан в 2021 году",** в целях снижения количества пожаров, недопущения травматизма и гибели людей при пожарах в лесах Казбековского района в условиях повышенной пожарной опасности, администрация МР **"Казбековский район",**

**ПОСТАНОВЛЯЕТ:**

1. Установить в лесах Казбековского района с 3 июня до 1 ноября 2021 года особый противопожарный режим.

2. На период действия особого противопожарного режима в лесах Казбековского района ввести дополнительные требования пожарной безопасности:

-передача информационных сообщений о введении особого противопожарного режима через средства массовой информации (видеоканалы, радио, печатные издания) и средства оповещения гражданской обороны;

-запрет разведения костров, сжигания мусора, сухой травы и бытовых отходов в лесах, а также на территориях, прилегающих к лесам, в том числе сельскохозяйственных угодьях, на территориях садоводства и огородничества, на территориях, прилегающих к жилым домам и иным постройкам;

-обеспечение регулярного вывоза бытовых отходов, мусора с контейнерных площадок и с убираемой территории вблизи лесных участков;

-ограждение периметров территорий летних детских дач, детских оздоровительных лагерей, расположенных в лесных массивах, защитной противопожарной минерализованной полосой шириной не менее 3 метров;

-устройство защитных противопожарных полос шириной не менее 10 метров со стороны преобладающего направления ветра, удаление сухой растительности для исключения возможности переброса огня при лесных пожарах, а также при пожарах на землях сельскохозяйственного назначения на здания и сооружения населенных пунктов, расположенных в лесных массивах и в непосредственной близости от лесных земель;

-содержание в исправном состоянии дорог, проездов к зданиям, сооружениям и источникам наружного противопожарного водоснабжения;

-организация патрулирования территорий населенных пунктов, подверженных угрозе лесных пожаров, силами местного населения и членов добровольных пожарных формирований с первичными средствами пожаротушения;

-установка в сельских населенных пунктах у каждого специально определенного строения емкости (бочки) с водой объемом не менее 0,5 куб. метра и первичных средств пожаротушения: 2 огнетушителя объемом не менее 10 литров каждый, 2 багра, 2 топора, 2 лопаты, 2 ведра, емкость с песком объемом не менее 0,5 куб. метра;

-обеспечение безвозмездного использования общественного транспорта для экстренной эвакуации населения в случае возникновения чрезвычайной ситуации или угрозы его возникновения по причине лесных пожаров;

-ограничение передвижения по территории лесных насаждений автомобильного транспорта без искрогасителей на выпускных трубах двигателей внутреннего сгорания;

-усиление противопожарной пропаганды по местным ретрансляционным сетям.

3. Рекомендовать ГКУ РД **"Казбековское лесничество":**

-организовать ограничение пребывания граждан в лесах и въезда в них транспортных средств, проведения в них определенных видов работ;

-принять меры по обеспечению ограничения пребывания граждан в лесах и въезда в них транспортных средств, организации дополнительного патрулирования;

-привести в повышенную готовность силы и средства, включенные в План тушения лесных пожаров на территории Казбековского лесничества на период пожароопасного периода 2021 года.

-организовать установление аншлагов с информацией о запрете пребывания граждан в лесах;

-организовать и провести обновление минерализованных противопожарных полос лесных участков в соответствии с требованиями пожарной безопасности;

-принимать меры к лицам, осуществляющим незаконные выжигания сухой растительности в лесах, а также к правообладателям земельных участков, не обеспечившим выполнение установленного требования о запрете на выжигание сухой растительности.

4. Рекомендовать главам администраций сельских поселений:

-провести разъяснительную работу по соблюдению мер пожарной безопасности и действиям в случае возникновения пожара, в том числе через средства массовой информации;

-осуществить информирование населения о запрете выжигания сухой растительности в лесах и на земельных участках, прилегающих к лесам;

-обеспечить готовность добровольных пожарных дружин к немедленному реагированию на возникновение пожаров и возгораний в период особого противопожарного режима;

-запретить разведение костров, сжигание отходов и мусора на всей территории поселения, за исключением специально отведенных для этих целей мест, оснащенных средствами пожаротушения, пожарной и приспособленной техникой, достаточной для тушения пожаров численностью персонала;

-ограничить пребывание граждан в лесах, въезд в них транспортных средств и проведение в них определенных видов работ;

-принять меры к приведению в работоспособное состояние источников наружного противопожарного водоснабжения;

- подготовить и распространить памятки о правилах пожарной безопасности в особый пожароопасный период и действиях при возникновении пожара;

-разработать и утвердить график патрулирования территорий;

-при выявлении нарушений настоящего постановления на подведомственной территории составлять акт с последующим его направлением в административную комиссию Казбековского муниципального образования.

5. Рекомендовать правообладателям земельных участков, учреждениям, организациям, иным юридическим лицам независимо от их организационно-правовых форм и форм собственности, крестьянским (фермерским) хозяйствам, общественным объединениям, индивидуальным предпринимателям, владеющим, пользующимся и (или) распоряжающимся территорией, прилегающей к лесу:

-обеспечить ее очистку от сухой травянистой растительности, пожнивных остатков, валежника, порубочных остатков, мусора и других горючих материалов на полосе шириной не менее 10 метров от леса либо отделяют лес противопожарной минерализованной полосой шириной не менее 0,5 метра или иным противопожарным барьером;

регулярно проводить противопожарные мероприятия, в том числе создать защитные противопожарные минерализованные полосы вдоль границы земельных участков;

обеспечивать наличие первичных средств пожаротушения и охрану земельных участков от пожаров;

организовать круглосуточную охрану животноводческих зданий и сооружений, мест складирования грубых кормов и зерновых культур;

запретить складирование грубых кормов, зерновых культур ближе 50 метров к животноводческим и иным зданиям и сооружениям;

до начала проведения уборочных работ проверить оснащенность зерноуборочных комбайнов измельчителями послеуборочных остатков;

не допускать загрязнение участков различными воспламеняющимися жидкостями и бытовым мусором.

6. ОМВД России по Казбековскому району:

-организовать совместную охрану и патрулирование лесов по выявлению нарушений лесного и природоохранного законодательства.

7. ОНД и ПР №10 :

- применять право административного воздействия на нарушителей правил пожарной безопасности в период действия особого противопожарного режима.

8. Настоящее постановление опубликовать в районной газете **"Чапар"** и разместить на сайте администрации МР **"Казбековский район".**

9. Контроль исполнения настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации МР "Казбековский район" по общественной безопасности Нуцалова Б.С.

***Глава МР "Казбековский район" Г.Г. МУСАЕВ***

# НЕ ЖГИТЕ СУХУЮ ТРАВУ!

**Весенние палы травы могут стать причиной пожаров.**



Самые распространенные природные пожары — это травяные палы. Ранней весной прошлогодняя трава быстро высыхает на сильном весеннем солнце и легко загорается от любой брошенной спички или непотушенной сигареты. Травяные палы быстро распространяются, особенно в ветреные дни и остановить хорошо разгоревшийся пожар бывает очень непросто. Иногда траву поджигают специально — из баловства, или из-за существующего поверья, что после пала новая трава вырастает быстрее. Последнее верно лишь отчасти: действительно, на прогретой палом земле трава начинает расти быстрее, но потом ее рост замедляется, поскольку пожаром в почве уничтожается часть органического вещества, необходимого для ее плодородия. В пламени гибнут насекомые, мелкие звери, птицы, населяющие луга и поля.Травяные палы весьма опасны. Во многих случаях они становятся причиной других, более катастрофичных пожаров. При ветреной погоде огонь может повернуть к населенным пунктам, поселкам. И тогда горят дома, сараи, дачи. Чье-то имущество, нажитое с таким трудом, обращается в пепел. В этих пожарах могут погибнуть и люди. Травяные палы вызывают очень сильное задымление и также опасны для здоровья людей, как и лесные пожары. Выделяемые при сжигании сухой травы угарный газ, формальдегид, сажа, циклические углеводороды оказывают вредное влияние на наше здоровье.Что должен помнить каждый житель, чтобы не было пожаров:— никогда не поджигайте сухую траву на полях или полянах в лесу. Если вы увидите, как это делают другие, постарайтесь их остановить и объяснить, чем опасны травяные палы;— никогда не разводите костер в сухом лесу. Прежде чем развести костер, сгребите лесную подстилку с кострища и вокруг нее в радиусе одного метра; — хорошо залейте костер перед уходом. Не уходите от залитого костра, пока от него идет дым или пар;— никогда не бросайте непотушенные спички или сигареты;— не заезжайте в лес на автомобилях и особенно мотоциклах. Искры из глушителя могут вызвать пожар, особенно в сухом лесу с лишайниковым покровом;— постарайтесь объяснить вашим друзьям и знакомым, что их неосторожность может послужить причиной пожаров.

***И.МАГОМЕДОВ, начальник отдела ГО и ЧС администрации района***

*Инсан ва гІумру*

# ГІелмияв хІалтІухъан



Насирдинов Пумарпаша Насирдинович гьавуна 1938 соналъ Дилим росдал сельсоветалде гьоркьобе унеб **«Тулабузтала»** утаралда кІудияб рекьарухъабазул хъизаналда.

1957 соналъ цІалун лъугІизабуна Сталиналъул гьоркьохъеб школа ва кІиго соналъ гьенивго хІалтІана кІудияв пионервожатийлъун. Пумарпашал гьитІинго бижана гІелмуялдехун рокьи.

1959 соналъ цІализе лъугьана Дагъистаналъул росдал магІишаталъул институталъул ветеринарияб факультеталде.

1964 соналъ тІадегІанал къиматазда институтги лъугІизабун хІалтІана районалъул ветстанциялда дезинфекция гьабулеб отрядалъул начальниклъун.

1968 -1969 соназ лъугІизабуна Москваялъул ветеринарияб академиялда цере гІуцІарал лъагІалил курсал.

1970 -1973 соназ очно цІалана ТІолгосоюзалъул гІелмиябгун цІех-рех гьабиялъул институталъул аспирантураялда ва щвана кІудияв гІелмияв хІалтІухъанасул цІар. Гьебго соналъ Пумарпашаца хъвана гІелмияб диссертация ва гьеб цІунун щола биологиялъул гІелмабазул кандидат цІар.

1975 -1995 соназ хІалтІана Прикаспийскиялъулаб зоналияб гІелмиябгун цІех-рех гьабиялъул росдал магІишаталъул институталда батІи-батІиял хІалтІабазда. Институталда хІалтІулаго гьес хІадур гьаруна боцІи кваназабиялъул, боцІуца кьолел нигІматал цІикІкІинарулеб рационалъул цо чанго рецепт, гьединго хъвана цо чанго гІелмияб хІалтІи боцІухъанлъи цебе тІезабиялда тІасан.

Пумарпаша ккола кІиго нухалда СССРалъул ВДНХялъул гІахьалчи ва гьесие щвана выставкаялъул 2 медаль.

Гемерал соназул ракІбацІцІадаб хІалтІухъ Пумарпаша цо чанго нухалъ мустахІикълъана дипломазе, ХІурматалъул грамотабазе ва къиматал сайгъатазе.

1996 соналдаса вуго мустахІикъаб хІалхьиялда. Пумарпаша ккола захІматалъул ветеранги.

1999 соналъ гьес жигараб гІахьаллъи гьабуна Дилим росдал ополчениялда ва мустахІикъалъана **«Халкъазда гьоркьосел бандформированияби щущахъ риххизариялъе 20 сон тІубай»** медалалъе.

Пумарпашаца ва лъади Упиятгун цадахъ гІезаюна ва тарбия кьуна жиндирго магІишаталда йийгей цо яс.

***Э. ИДРИСОВ, Дилим росу***

# ЕГЭ кьеялъулъ - хиса-басиял

Цогоял пачалихъиял экзаменазде хІадурлъиялъул, гьел тІоритІиялъул хІакъалъулъ нижер гара-чІвари ккана лъайкьеялъул Управлениялъул бетІерай специалист, районалъул ЕГЭ тІобитІиялъул рахъалъ жавабияй хІалтІухъан Пубайдат Зуркъанаевна Дадаевагун.

– Пубайдат, районалъул школазда цогояб пачалихъияб экзаменазде хІадурлъи кин унеб бугеб?

***- Киналго школазда церего рахъун руго хІадурлъиялъул планал, росун руго справочникал. Щибаб школалде щун, лъайкьеялъул управлениялъул хІалтІухъабазги хал гьабула планал тІуразариялъул бугеб ахІвал-хІалалъул.***

***31 маялда кьуна химиялъул, географиялъул ва литератураялъул цогояб экзамен. Абизе ккола, экзамен кьеялъе бихьизабураб пунктаь гьеб тІадегІанаб даражаялда тІобитІанилан.***

-Кинал пунктазда тІоритІизе ругел экзаменал?

***-151 ва 152 пунктазда, гьел ккола Дилим росдал №2 гимназия ва Хубар росдал гьоркьохъеб школа.***

- Исана нилъер районалда цогояб пачалихъияб экзамен чан цІалдохъанас кьезе бугеб? Гьеб кьеялъулъ батІиял хиса-басиял ругищ?

***- Гьаб соналъ ЕГЭ кьезе буго 143 цІалдохъанас.***

***Цебе ЕГЭ кьезе ккола ан щивав цІалдохъанас. Исана тІадаб куцалъ кьезе бихьизабураб базовияб экзамен (математика) тІаса бахъана, гьединлъидал, тІадегІанал цІалул заведениябазде ине ракІалда бугел цІалдохъабазе рес буго жинца тІаса бищараб ВУЗалъул т1алабазда рекъон, кьезе кколел предметазул экзаменал кьун тезе.***

***Гьединго, тІадегІанал цІалул заведениябазде ине ракІалда гьечІез ГВЭ (Пачалихъалъул кьватІире риччаялъул экзамен) кьуни г1ола.***

*- ЦІалдохъабазе щиб гьаризе бокьилаан дуе ?*

***-ТІоцебесеб иргаялда гьарула киназего сахлъи, сабру, рекІел мурадал тІурай, жидеего бокьараб ва тІаса бищараб нухда битІккей.***

***Асият ДИБИРОВА***




Прокурор района М.М. Халилов, с выездом в с. Буртунай, провёл приём граждан.

В работе мобильной приемной приняли участие-председатель Собрания депутатов Г.М. Гирисханов, заместитель начальника полиции ОМВД С.Ю. Гусейнов, врио главного врача районной больницы Р.А. Амиев и глава администрации села К.И. Карамирзаев.

Всего к прокурору обратились 5 жителей.

Обращения граждан касались вопросов земельного и жилищного законодательств, социального обслуживания населения, а также качества обслуживания дорог.

Также жители попросили содействовать открытию стационара на две койки дневного пребывания для получения медицинской помощи.

Кроме того, прокурор посетил на дому двух инвалидов 1 группы. В ходе встречи прокурор ознакомился с жилищными условиями, качеством получаемого ими медико-социального обслуживания. По просьбе одного из инвалидов, принято обращение о неполучении функциональной кровати.

Всем обратившимся даны соответствующие разъяснения положений действующего законодательства.

# Коронавирусалде данде...

Нилъер районалда, тІадбан, унеб буго коронавирусалде данде вакцинация гьаби. Гьеб гьабурал гІадамазул къадар бахана 1473 чиясде. Вакцинация гьабиялъе **«Гам- Ковид - Вак»** ва **«Эпивак Корона»** препаратал хІалтІизарулел руго. Гьезул **«Эпивак Корона»** препарат сахлъигьечІел унтаби чорхолъ ругел ва ригьалдаса арал гІадамазе лъикІаблъун бихьизабун буго.

Рехсарал препаратаз вакцинация гьабиялда гьоркьоб 21 къо ва гьелда цебе чорхол хІал лъазабиялъул цо чанго медицинаялъул халгьабиял рукІине ккола.

29 маялде рукІарал баяназда рекъон, **«Гам-Ковид-Вак»** препараталъул вакцинация гьабун буго 1284 ва **«Эпивак Корона»** -5 чиясе.

***НИЖЕР МУХБИР***

# ОБЪЯВЛЕНИЯ

Объявляется набор студентов (на базе 11-го класса) в ФГБОУ ВО Дагестанский государственный аграрный университет, а также (на базе 9 кл.) аграрно-экономический техникум при этом же университете. Полную информацию об условиях поступления можно получить в Управлении сельского хозяйства нашего района.

***Управление сельского хозяйства***

Утерянный аттестат А № 9243151 об общем среднем образовании, выданный Дубкинской средней школой в 2002 году на имя **Пепеляева Евгения Николаевича,** считать недействительным.

Районалъул лъайкьеялъул Управлениялъул хІалтІухъабаз, лицеялъул мугІалимзабазул коллективалъ ва 1980 соналъ школа лъугІарал цІалдохъабаз тІолалго гІага-божаразда зигара балеб буго

**Батули Темирсултанова**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьелъул мунагьал чураги.

Районалъул администрациялъул, лъайкьеялъул Управлениялъул хІалтІухъабаз, лицеялъулгун киналниги школазул гІурус мацІалъул ва литератураялъул мугІалимзабаз, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго **Сайрудин Пейзулаевасда** ва тІолалго гІага-божаразда, яц

**Анисат**

гІумруялдаса ятІалъиялда бан.

Аллагьас гьелъие Алжан насиб гьабеги.

**БетІерав редактор:**
И. Б.Салимханов
**55-48-94**
***Заместитель:***
Д.ХІ. ГІабдулахІитова
***Жавабияв секретарь:***
М.-Ш.Э. ГІабдулашимов

**Мухбирзаби:**
Ибрагьим Идрисов,
Асият Дибирова
**Набор:** Меседо ХІайбаева
**Верстка:**
Марям АтавхІажиева,
Зайнап ГІабдулмуслимова

Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда

Типографиялъул адрес:
367032, РД МахІачхъала шагьар
Насрудиновасул къватІ №61

Газета хІадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХІакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Индекс: 51354
Тираж 1100, багьа - эркенаб

***Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290***

***Макъалабазда рехсарал хІужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола***